



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$150 MILYON POU REKONSTRIKSYON SANT
TRANSPÒ KOMEN AK DEVLOPMAN EKONOMIK WOODBURY A (WOODBURY
TRANSIT AND ECONOMIC DEVELOPMENT HUB) POU AKSELERE L POU L VIN
FÈT NAN SENK ANE AN MWENS**

***Pwosesis Konsepsyon-Konstriksiyon an Akselere Finisman Pwonjè a Anpil, K ap
Avanse Finisman 5 ane an Mwens soti 2024 pou Vin 2019***

***Pwojè a pral Amelyore Aksè ak Redwi Blokis Sikilasyon sou tout Koridò ki plen
Anbouteyaj k ap Sèvi plis pase 70,000 Veyikil chak Jou***

***Peyaj san Kach la pral Retire anpil Blokis nan Echanj Sòti 16 sou Thruway a
(I-87); Repezantasyon grafik yo disponib [Isit la](#)***

***Demann pou Kalifikasyon yo te Pibliye 3 Fevriye a; Yo pral Anonse Lis Kandida
Konpayi Kalifye yo Seleksiyone yo nan Mitan Mwa Avril la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse \$150 milyon pou rekonstriksyon pou sant Transpò Komen ak Ekonomik Woodbury a pral fini senk ane avan dat delè a, k ap fè dat yo te espere pwojè konsepsyon-konstriksiyon an ap fini an p ap 2024 ankò l ap vin 2019. Pwojè sant transpò komen ak devlopman ekonomik lan pral plis estimile sektè touris florisant Woodbury Common lan epi pi ranfòse ekonomi lokal la -- sa k ap kreye plis pase 600 djòb epi k ap redwi blokis anpil nan rejyon Mid-Hudson lan.

Anba pwojè inovatif sa a, Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation) pral agrandi Koridò Route 32 a, ranplase pon Route 32 a ki pase sou Route 17 la, rekonfigire bretèl wout k ap mennen sou otowout New York State Thruway a (I-87), epi ajoute yon estasyon bis ki alimante ak enèji solèy, yon anplasman pakin, ak yon sistèm transpò entèlijan ki adapte ak kondisyon sikilasyon k ap chanje yo. Chak nan amelyorasyon sa yo, ki gen ladan peyaj san kach yo ajoute yo, pral amelyore aksè epi pèmèt aktivite komèsyal yo ogmante

“Pwojè konsepsyon-konstriksiyon sa a pral akselere anpil, finisman yon rezo transpò senplifye, depwent ki nan yon kafou enpòtan, sa k ap kreye anpil santèn djòb epi devlope ekonomi rejyon an lè li amelyore aksè a koridò komèsyal vital sa a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Remanman abitud wout ak sikilasyon sa yo, ansanm ak peyaj san kach

yo ajoute a ak opsyon amelyore nan transpò komen an yo, pral rann gen mwens blokis pou sila yo k ap viv, vwayaje, travay, manje ak ale nan magazen ki la nan zòn yo, pandan l ap sipòte kwasans pou avni rejyon Mid-Hudson lan.”

Kontra konsepsyon-konstriksyon yo mande pou yon sèl ekip kontraktè responsab pou konsepsyon ansanm ak konstriksyon yon pwojè tout antye pou nou asire kowòdinasyon san pwoblèm epi pou travay la ka fini nan delè ki pi kout ki posib la. Konsepsyon-konstriksyon an bay sètitud tou nan depans eta a ak kontraktè yo k ap asime risk reta ak depasman nan depans yo pou pwojè a yo.

Le 3 Fevriye, Eta te pibliye yon Demann pou Kalifikasyon, k ap bay konpayi konsepsyon-konstriksyon yo premye chans pou yo ekspoze pwendvi yo bay Depatman Transpò a pou montre yo kalifye pou yo rantre an konpetisyon pou djòb la. Depatman Transpò a pral revize kalifikasyon konpayi konsepsyon-konstriksyon yo epi anonse yon lis konpayi kalifye yo seleksyone yo zòn mitan mwa avril la. Apre sa, konpayi sa yo pral soumèt pwopozisyon sou pwojè \$150 milyon, kote yo pwograme pou yo kòmanse mete men nan kòmansman mwa Novanm 2017 la epi pou l fini an Novanm 2019 - senk ane pi bonè avan dat yo te planifye a.

Nan kad pwojè a, otorite otowout New York State Thruway Authority a pral fè aplike peyaj san kach la nan baryè peyaj Harriman Toll Barrier a, k ap asire otomobilis k ap kondwi atravè echanj lan yo pral kapab pase pi rapib. Authority a pral konvèti baryè peyaj la pou sikilasyon anvè lenò yo ka gen aksè a sòti Woodbury Common lan ak wout NY Route 17 k ap pèmèt soti nan Thruway a atravè peyaj san kach la. Pou sikilasyon anvè lesid k ap soti nan kote yo bay tikè sou sistèm Thruway a, pral gen de liy peyaj k ap rete an fonksyon.

Eta a pral kontinye travay deprè ak tout pati konsène yo pou l asire pwojè a satisfè bezwen kominote a pandan l ap amelyore aksè a zòn atraksyon magazen ak restoran yo. Depo komèsyal izin Woodbury Common Premium Outlets la jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi rejyon an lè l kreye djòb, li sèvi kòm motè pou touris, epi ogmante revni fiskal lokal la.

Pou amelyore mouvman ak sikwi sikilasyon yo, pwojè a pral gen ladan l:

- Aksè amelyore pou depo komèsyal izin Woodbury Common Premium Outlets la
- Ranplase pon Route 32 ki pase sou Route 17 lan, ki pral gen ladan wotè maksimòm estanda entè eta rekòmande sou Route 17 lan
- Rekonstriksyon ak agrandisman sèvis Park and Ride yo (Estasyon epi Woule), ki gen ladan yon arè bis ak yon estasyon bis ki alimantè ak enèji solèy pou pwomouvwa transpò komen
- Rekonfigire Route 17 lan, bretèl sòti 131 anvè lès (Exit 131 eastbound ramp) ki mennen sou Thruway a
- Yon nouvo sistèm limyè siyalizasyon entèkonekte ki adaptif sou tout Route 32 a pou minimize reta ak amelyore aksè a biznis ak lekòl lokal yo
- Sistèm Transpò Entèlijan yo pral adapte ak kondisyon sikilasyon k ap chanje yo epi optimize repons siyal yo

Pwojè sa a pral redwi tan trajè pou chofè yo ak pasaje transpò komen nan tren ak bis yo lè li soulaje blokis padan l ap amelyore aksè ak redwi anbouteyaj yo nan yon fason ki konsiderab anpil. Itilizasyon bis zòn rezidansyèl yo pral ogmante akòz de amelyorasyon ki fèt nan anplasman pakin pasaje yo, sa k ap pèmèt pasaje yo pase mwens tan nan trajè pou yo ale nan travay, sa k ap redwi emisyon kabòn epi bese depans ki gen rapò ak fonksyonman veyikil yo.

Komisè Depatman Transpò a (Department of Transportation), Matthew J. Driscoll te di, “Pwojè konsepsyon-konstriksyon sa a pral amelyore sekirite otomobilis ak pyeton pou tout moun k ap viv, k ap travay, oswa ki ale nan magazen ki la nan zòn yo, k ap ede asire konpetitivite ekonomik nan rejyon Hudson Valley a pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. Nou atann pou nou kòmanse mete wou mete pikèt nan pwojè sa a nan fen ane sa a.”

Bill Finch, ki se Direktè Jeneral Pwovizwa otorite otowout New York State Thruway Authority a te di, “Nan efò pou n ajoute sou egzekisyon peyaj san kach sou pon Tappan Zee Bridge la an 2016 la, konvèsyon baryè peyaj k ap fèt nan Harriman Toll Barrier pral pèmèt otomobilis yo fè eksperyans yon trajè ki pi an sekirite ak pi pratik nan rejyon Mid-Hudson Valley a. Teknoloji depwent sa a, y ap itilize sou anpil wout ak pon deja toupatou nan peyi a, pral soulaje blokis epi ede anviwonman lè l redwi ralantisman machin yo, epi Thruway Authority a fyè pou l fè pati pwojè sa a.”

Manm Kongrè Sean Patrick Maloney, ki se manm Komite Tranpò ak Enfrastrikti Lachanm lan (House Transportation and Infrastructure Committee), te di, “Nenpòt moun ki kondwi pase nan zòn sid Konte Orange lan konnen kijan sa ye pou w chita nan blokis san fen ozalantou Woodbury Common lan, se sa k fè rezoud pwoblèm sa a te youn nan pi gwo priyorite transpò depi premye jou travay nou. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li travay ansanm avèk nou – soti nan sekirizasyon anpil milyon nan finansman federal pou transpò yo rive nan envestisman pou amelyorasyon nan peyaj depwent san kach ak enfrastrikti yo. Investisman entèlijan, responsab k ap fèt nan enfrastrikti nou an rann nou pi an sekirite, kreye anpil santèn djòb ki byen peye, epi devlope ekonomi nou an – nou deja konn sa a.”

Senatè William J. Larkin, Jr. te di, “Pwojè sa a pral rann Route 17 ak Route 32 vin pi an sekirite epi l ap kreye yon koridò modèn ki pral rann li pi fasil ak pi efikas pou vwayajè yo navige l. Pwojè sa a pral sipòte tou plis devlopman kominotè ak ekonomik nan rejyon an. Gras a defans san pran souf nou ak Gouvènè Cuomo a, yo te akselere delè pou travay la fèt la anpil. Gran pwojè enfrastrikti transpò sa a pral estimile aktivite ekonomik epi kreye djòb nan yon fason ki pral pozitivman afekte rejyon an pou anpil deseni k ap vini ankò. Sa se yon viktwa pou sila yo k ap vizite rejyon nou an, se yon viktwa pou biznis yo epi se yon viktwa pou tout Nouyòkè yo.”

Manm Asanble James Skoufis te di, “Lè nou mete amenajman ki fèt nan echanj Sòti 131 an ansanm ak peyaj san kach la, yo pral redwi blokis anpil epi y ap pi byen pwofite anpil milye veyikil ki pase atravè kominote nou an chank jou. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li rann baryè peyaj Harriman Toll Plaza elektwonik nèt epi mwen atann pou yo mete l an pratik. Angwo, pwojè a pral ede asire vyabilite ekonomik pou rejyon nou an pou anpil ane k ap vini ankò.”

Egzekitif Konte Orange lan, Steve Neuhaus te di, “Pwopozisyon Gouvènè Cuomo te fè pou konstwi Sant Transpò Komen ak Devlopman Ekonomik Vil Woodbury a (Transit and Economic Development Hub) se youn nan pwojè ki pi enpòtan pou rejyon Hudson Valley a, epi lidèchip li nan pwojè sa a pral asire finisman I ak siksè I. Avèk devlopman antouzyastik sa a, nou fè yon pa an avan pou nou transfòme koridò a soti yon fado pou I vin tounen yon atou vital. Mwen atann pou m travay ansanm ak patnè nou yo onivo gouvènman eta a, federal, ak lokal yo pou nou fin akonpli pwojè enpòtan sa a epi pou n kontinye fè rejyon ak ekonomi nou an vanse vè lavan.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418